



Pou Piblikasyon Imedya: 22/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN PWOJÈ REDI POU PWOTEJE FORT DE LA PRESENTATION ISTORIK KONT EVÈNMAN INONDASYON ALAVNI

*REDI te bay Asosyasyon Fort la 1.3 milyon dola pou amelyore rezilyans kont inondasyon nan sit istorik la nan vil Ogdensburg, Konte St. Lawrence*

*Efò siplemantè ankou yo pral pwoteje litoral la*

*Nan kad Inisyativ Rezilyans ak Devlopman Ekonomik 300 milyon dola eta a*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmann efò estabilizasyon litoral ak amelyorasyon santye nan kad yon pwojè rezilyans 1.3 milyon dola yo te akòde bay Asosyasyon Fort de la Presentation, Konte St. Lawrence, atravè [Inisyativ Rezilyans ak Devlopman Ekonomik \(Resiliency and Economic Development Initiative, REDI\)](#) Eta a. Sit Fort de la Presentation an, ki sitiye nan vil Ogdensburg, te yon fwa itilize pa pèp Ameriken, Kanadyen, Ameriken Natif Natal, Fansè ak Britanik yo pou adorasyon, komès ak pwoteksyon pandan moman lagè. Sit la kounye a itilize pou rekonstitisyon militè k ap komemore batay Ogdensburg pandan bè 1812 la ak rekreyasyon kominotè. Sitiye nan yon penensil sou Rivyè St. Lawrence lan nan entèseksyon Rivyè Oswegatchie a, sit la te sibi gwo ewozyon ak inondasyon. Sipòte pa investisman REDI, Asosyasyon an te rekonstwi litoral ak santye inondasyon yo te andomaje avèk konsepsyon ki rezilyan pou diminye domaj alavni ak bay abita sovaj amelyore pandan l ap kenbe istorik ak valè estetik sit la. Travay sou litoral ak santye siplemantè a pral kontinye nan prentan an.

"Tankou anpil kominote bò rivaj Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence, vil Ogdensburg pa etranje ak inondasyon devastatè epi se poutèt sa efò REDI Eta New York la ap trase chemen an avèk investisman istorik yo pou ede kominote yo rekonstwi pi byen, pi entèlijan, ak pi rezilyan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè Fort de la Presentation an nan vil Ogdensburg pral ede diminye inondasyon ak konbat ewozyon, ede kenbe jèm istorik sa a pou jenerasyon alavni yo pandan l ap amelyore abita sovaj lokal la".

Pou pwoteje sit Fort de La Presentation an kont evènman gwo dlo alavni, pwojè a te gen ladan:

- Estabilize litoral Rivyè Oswegatchie apati anwòchman avèk plantasyon pikè vivan ak enstalasyon bwa zòtèy/wòch zòtèy;

- Estabilize litoral Rivyè St. Lawrence la avèk estabilizasyon sèy woche avèk elevatè sòl la, mach an dal ak wòch natirèl pou aksè nan rivyè a ak plantasyon natif natal sou litoral la; epi
- Elevasyon yon pati nan Santye Abbe Piquet pi wo pase elevasyon inondasyon ak konstwi yon nouvo platfòm teras rezilyan sou litoral Rivyè St. Lawrence lan pou amelyore aksè vizitè.

**Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid, te deklare,** "Mwen felisite Asosyasyon Fort de la Presentation an ak dèske yo fini pwojè rezilyans ak prezèvasyon istorik eksitan sa a. Pak Eta New York yo te kontan travay avèk Asosyasyon an pou pèmèt moniman istorik la pi byen prepare pou reziste inondasyon alavni, pandan l ap amelyore eksperyans pou vizitè yo".

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal la ak Ko-Prezidan Komisyon REDI a, Basil Seggos, te deklare,** "Investisman REDI Eta New York yo ap bay kominote bò litoral ki gen tandans inonde yo tankou vil Ogdensburg avèk ekspètiz ak resous nesèsè pou rekonstwi pi byen apre gwo tanpèt ak gwo dlo chanjman klimatik nou yo pote. Estabilize litoral la ak amelyore santye yo nan sit Fort de la Presentation an pral pwoteje trezò istorik sa a kont inondasyon alavni ak asire li kontinye atire jenerasyon vizitè alavni".

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Dòtwa nan Eta New York la, Reuben McDaniel III, te deklare,** "DASNY fyè pou li sipòte vizyon Gouvènè Hochul dèske li pwoteje kominote yo ak resous istorik vital yo tankou sit Fort de la Presentation kont gwo move tan. Investisman sa a ak travay ki te fèt isit la, pral ede prezève valè natirèl, istorik ak kiltirèl inik la pou Nouyòkè yo ak rezidan yo nan vil Ogdensburg, pou pwofite pou yon bon tan alavni".

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa Otorite Enèji New York, Justin E. Driscoll, te deklare,** "Restorasyon litoral la ak amelyorasyon santye yo nan Asosyasyon Fort de la Presentation an se yon investisman enpòtan nan touris Konte St. Lawrence ansanm ak pou sila yo k ap viv ak travay nan zòn lan. Avèk achèvmman pwojè Komisyon REDI sa a, litoral ak santye Asosyasyon Fort de la Presentation an ap pi solid, pi sekirite, pi bèl ak pi kapab reziste ak potansyèl inondasyon alavni. Pwojè sa a se prè angajman Komisyon REDI pou restore litoral yo ak revitalize kominote North Country yo".

**Senatè Patty Ritchie te deklare,** "Fort de la Presentation se yon pati enpòtan nan istwa nou, sa ki fè li enpòtan pou nou prezève ak pwoteje li. Nan dènye ane yo, nou te wè nivo peyaj rekò gwo dlo te atenn sou pwopriyete Fort la. Atravè pwojè sa a, n ap asire l ap pi rezilyan si li fè fas ak inondasyon alavni ak anplis de sa, n ap fè amelyorasyon ki pral pèmèt moun yo pi byen pwofite sit istorik enpòtan sa a pou plizyè jenerasyon alavni".

**Assemblyman Mark Walczyk te deklare,** "Mwen kontan wè investisman kontinyèl la nan pwoteje litoral Front Yard of America - espesyalman nan Santye Entèpretasyon

Fort de la Presentation Vil Ogdensburg la. Istwa rich Vil Maple la konvèje avèk bote natirèl li nan kwazman rivyè St. Lawrence ak Oswegatchie nan pak inik sa a kote vizitè yo ak rezidan lokal kapab pwofite mache, aprann, fè piknik ak admire sèn panoramik la. Li enpòtan pou nou ranfòse litoral la pou prezève pak la epi mwen apresye siveyans PARKS la nan wè pwojè sa rive fini".

**Prezidan Konte St. Lawrence, William Sheridan, te deklare,** "Konte St. Lawrence rekonesan dèske Gouvènè Hochul ap ede kominote sou litoral Konte a avèk yon efò enpresyonan pou rekonstwi pi byen. Atravè envestisman nan enfrastrikti sa yo, Eta New York ap ede asire endistri touris rejyon an rete entak. Sit istorik Fort de la Presentation an se yon trezò pami manm yo nan kominote a ak yon destinasyon prefere pou vizitè yo atravè eta a ak Kanada epi nou kontan wè pwojè enpòtan sa a fini".

**Prezidan Asosyasyon Fort de la Presentation an, Barbara O'Keefe, te deklare,** "Gras ak sipò Gouvènè Hochul, patenarya avèk Eta New York la ak atravè Inisyativ Rezilyans ak Devlopman Ekonomik la, Asosyasyon Fort la te kapab pran mezi nesèsè pou estabilite litoral St. Lawrence ak Rivyè Oswegatchie epi repare ak amelyore Santye Abbé Picquet, sa ki asire Fort de la Presentation rete aksesib pou kominote a ak touris yo, epi pwoteje Rejis Nasyonal Plas Istorik yo pou jenerasyon alavni yo. Avèk sipò ekip REDI a, epi avèk oryantasyon NYS OPRHP, nou te kapab fini pwojè sa a anvan lè epi nou eksite pou pataje amelyorasyon sit la avèk piblik la".

Nan repons ak chema inondasyon pwolonje nan tout bò rivaj Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo, Eta New York te kreye REDI a pou ogmante rezistans kominote sou rivaj yo epi estimile devlopman ekonomik nan rejyon an. Yo te etabli senk (5) Komite Planifikasyon Rejyonal (Regional Planning Committees) REDI yo, ki gen reprezantan ki soti nan uit (8) Konte (Niagara ak Orleans, Monroe, Wayne, Cayuga ak Oswego, ak Jefferson ak St. Lawrence) pou idantifye priyorite lokal yo, enfrastrikti ki gen risk ak lòt resous yo, ak enkyetid konsènan sekirite piblik la. Komisyen REDI a te atribye 20 milyon dola pou bay pwopriyetè kay yo asistans, 30 milyon dola pou amelyore rezilyans biznis yo, ak 15 milyon dola pou yon efò dragaj rejyonal ke chak nan uit (8) konte nan rejyon REDI yo ap benefisye. Yo te atribiye balans 235 milyon dola ki rete a, bay pwojè lokal ak rejyonal ki fè avanse epi montre egzanp misyon REDI a.

Depi kreyasyon pwogram REDI Eta a nan sezon Prentan 2019 la, 134 pwojè lokal ak rejyonal REDI finanse yo kòmanse, sa ki gen ladan 85 pwojè nan faz konsepsyon, 21 pwojè nan faz konstriksyon ak 28 pwojè ki fini.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, pwofil pwojè yo ak nouvèl sou REDI klike [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)